# LITURGI IBADAH
# GKJ SELOKATON

JL. SOLO-PURWODADI KM 7 SELOKATON
GONDANGREJO KARANGANYAR

# DAFTAR ISI

HALAMAN JUDUL ........................................................................ 1
DAFTAR ISI ............................................................................... 2

**BAHASA INDONESIA**
DOA BAPA KAMI & PENGAKUAN IMAN RASULI.................. 3
LITURGI IBADAH MINGGU
Liturgi Minggu I.............................................................................4-5
Liturgi Minggu II.............................................................................6-8
Liturgi Minggu III .........................................................................9-10
Liturgi Lima ................................................................................ 11-12
Sakramen Perjamuan Minggu I ................................................ 13-15
Sakramen Perjamuan Minggu II............................................... 16-17

**BAHASA JAWA**
DONGA RAMA KAWULA & SAHADAT KALIH WELAS....... 18
**TATA PANGIBADAH**
Tata Pangibadah Minggu I ....................................................... 19-20
Tata Pangibadah Minggu II...................................................... 21-23
Tata Pangibadah Minggu III..................................................... 24-25
Tata Pangibadah Lima ............................................................... 26-27
Sakramen Bujana Minggu I ...................................................... 28-30
Sakramen Bujana Minggu II ..................................................... 31-32

## DOA BAPA KAMI

Bapa kami yang di sorga, dikuduskanlah namaMu,
datanglah KerajaanMu, jadilah kehendakMu di bumi seperti di sorga.
Berikanlah kami pada hari ini makanan kami yang secukupnya
dan ampunilah kami akan kesalahan kami,
seperti kami juga mengampuni orang yang bersalah kepada kami;
dan janganlah membawa kami ke dalam pencobaan,
tetapi lepaskanlah kami daripada yang jahat.
Karena Engkaulah yang empunya Kerajaan dan kuasa dan kemuliaan
sampai selama-lamanya.Amin.

## PENGAKUAN IMAN RASULI

1. Aku percaya kepada Allah Bapa yang mahakuasa, Khalik langit dan bumi.
2. Dan kepada Yesus Kristus, AnakNya yang tunggal, Tuhan kita,
3. yang dikandung daripada Roh Kudus, lahir dari anak dara Maria,
4. yang menderita di bawah pemerintahan Pontius Pilatus, disalibkan, mati dan dikuburkan, turun ke dalam kerajaan maut.
5. Pada hari yang ketiga bangkit pula dari antara orang mati,
6. naik ke Sorga, duduk di sebelah kanan Allah, Bapa yang Mahakuasa,
7. dan akan datang dari sana untuk menghakimi orang yang hidup dan mati.
8. Aku percaya kepada Roh Kudus;
9. gereja yang kudus dan am; persekutuan orang kudus;
10. pengampunan dosa;
11. kebangkitan daging,
12. dan hidup yang kekal.

# LITURGI IBADAH MINGGU I

1. **Votum dan Salam** (Jemaat berdiri)

| | | |
|---|---|---|
| Pemimpin | : | TUHAN yang menciptakan langit dan bumi adalah sumber pertolongan kami. Kasih karunia dan damai sejahtera, dari Allah Bapa kita dan Tuhan Yesus Kristus, ada pada saudara (kita) sekalian. |
| Pem+Jem | : | (menyanyikan amin, amin, amin<br>Do = f 4/4 |




2. **Nyanyian Pujian** (Jemaat duduk)
3. **Pengakuan Dosa.**
   a. Pembacaan hukum kasih (Matius 22 : 37 – 40)
   b. Nyanyian Penyesalan
4. **Berita Anugerah**
5. **Petunjuk Hidup Baru**
6. **Nyanyian Kesanggupan (berdiri)**
7. **Doa Syukur dan Safaat**
8. **Persembahan**
   a. Ajakan
   b. Pengumpulan persembahan diiringi nyanyian
   c. Doa persembahan dan pelayanan Firman
9. **Pelayanan Firman**
   a. Pembacaan Alkitab, diakhiri dengan seruan : yang berbahagia ialah mereka yang mendengar Firman Tuhan dan yang memeliharanya. Haleluya. (Jemaat menyanyikan Haleluya, Amin)
   3/4




   b. Kotbah
   c. Saat teduh

**10. Doa Akhir Ibadah dan Doa Bapa Kami**

**11. Nyanyian Pengutusan** (Jemaat berdiri)

**12. Pengakuan Iman Rasuli**

**13. Berkat**

Pemimpin : Kasih karunia Tuhan Yesus Kristus, dan kasih Allah dan persekutuan Roh Kudus menyertai saudara (kita) sekalian. Amin

**14. Nyanyian Penutup.**

# LITURGI IBADAH MINGGU II

**1. Votum dan Salam (Jemaat berdiri)**

Pemimpin : Marilah ibadah ini kita khususkan dengan pengakuan:

Pem+Jem : TUHAN yang menciptakan langit dan bumi adalah sumber pertolongan kami

Pemimpin : Kasih karunia dan damai sejahtera dari Allah Bapa kita dan Tuhan Yesus Kristus, ada pada saudara (kita) sekalian. Amin.

Pem+Jem : Menyanyikan **Amin, Amin, Amin.**




**2. Pujian Bersahutan** (Jemaat duduk)

Pemimpin : Tuhan adalah Allah. Dialah yang menjadikan kita dan punya Dialah kita; UmatNya dan kawanan domba gembalaanNya

Jemaat : Marilah kita sujud menyembah, berlutut dihadapan TUHAN yang menjadikan kita

Pemimpin : Marilah kita masuk kedalam baitNya dengan nyanyian syukur, dan dengan puji-pujian. Bersyukurlah kepada TUHAN dan pujilah NamaNya.

Jemaat : Sebab TUHAN itu baik, kasih setiaNya untuk selama-lamanya dan kesetiaanNya tetap turun temurun. Halleluya

**3. Nyanyian Pujian**

Jemaat : (menyanyikan nyanyian pujian)

**4. Pengakuan Dosa**

Pemimpin : (menyampaikan hukum kasih)

Pemimpin : Marilah kita menyesali dosa-dosa kita
Kasihanilah aku ya Allah menurut kasih setiaMu.

Jemaat: Hapuskanlah pelanggaranku/ menurut rahmatMu yang besar

Pemimpin : Bersihkanlah aku seluruhnya dari kesalahanku dan tahirkanlah aku dari dosaku

Jemaat : Sebab aku sendiri sadar akan pelanggaranku / aku senantiasa bergumul dengan dosaku.

| | | |
|---|---|---|
| Pemimpin | : | Terhadap Engkau, terhadap Engkau sajalah aku telah berdosa dan melakukan apa yang Kau anggap jahat, supaya ternyata Engkau adil dalam putusanMu, bersih dalam penghukumanMu. |
| Jemaat | : | Sesungguhnya / dalam kesalahan aku diperanakkan/ dalam dosa aku dikandung ibuku |
| Pemimpin | : | Sesungguhnya Engkau berkenan akan kebenaran dalam batin dan dengan diam-diam Engkau memberitahukan hikmat kepadaku. |
| Jemaat | : | Bersihkanlah aku dari pada dosaku dengan hisop/ maka aku menjadi tahir/ basuhlah aku maka aku menjadi lebih putih dari salju |
| Pemimpin | : | Biarlah aku mendengar kegirangan dan sukacita/ biarlah tulang yang Kau remukkan bersorak-sorak kembali. |
| Jemaat | : | Sembunyikanlah wajahMu terhadap dosaku/ hapuskanlah segala kesalahanku. |
| Pemimpin | : | Jadikanlah hatiku tahir ya Allah dan perbaharuilah batinku dengan roh yang teguh. |
| Jemaat | : | Janganlah membuang aku dari hadapanMu / dan janganlah mengambil RohMu yang kudus dari padaKu. |
| Pemimpin | : | Bangkitkanlah kembali padaku kegirangan karena selamat yang dari padaMu, dan lengkapilah aku dengan Roh yang rela. |
| Pem+ Jem | : | Maka aku akan mengajarkan jalanMu/ kepada orang-orang yang melakukan pelanggaran / supaya orang-orang berdosa berbalik kepadaMu. |

5. **Berita Anugerah**
6. **Petunjuk Hidup Baru**
7. **Nyanyian Kesanggupan** (Jemaat berdiri)
8. **Doa Syukur dan Safaat serta Pelayanan Firman** (Jemaat duduk)
9. **Pelayanan Firman**
   a. Pembacaan Alkitab, diakhiri dengan seruan : yang berbahagia ialah mereka yang mendengarkan Firman Tuhan dan yang memeliharanya. Haleluya.
   (Jemaat menyanyikan Haleluya, amin)
   4/4




b. **Kotbah**
c. **Saat teduh**

10. **Pengakuan Iman Rasuli** (Jemaat berdiri)
11. **Persembahan** (Jemaat duduk)
    a. Ajakan
    b. Pengumpulan persembahan diiringi nyanyian
    c. Doa Persembahan, Akhir Ibadah dan Bapa Kami ( Pemimpin)
12. **Nyanyian Pengutusan** (Jemaat berdiri)
13. **Berkat**

| | | |
|---|---|---|
| Pemimpin | : | TUHAN memberkati saudara (kita) dan melindungi saudara (kita). TUHAN menyinari saudara (kita) dengan wajahNya dan memberi saudara (kita) kasih karunia. TUHAN menghadapkan wajahNya kepada saudara (kita) dan memberi saudara (kita) damai sejahtera. |
| Pem+Jem | : | Amin. |

14. **Nyanyian Penutup**

## LITURGI IBADAH MINGGU III

1. **Votum dan Salam** (Jemaat berdiri)

| | | |
|---|---|---|
| Pemimpin | : | Marilah ibadah ini kita khususkan dengan pengakuan: |
| Pem+Jem | : | TUHAN yang menciptakan langit dan bumi, adalah sumber pertolongan kami. |
| Pemimpin | : | Kasih karunia dan damai sejahtera dari Allah, Bapa kita, dan Tuhan Yesus Kristus ada pada saudara (kita) sekalian. |
| Pem+Jem | **:** | (menyanyikan amin, amin, amin) 4/4 |




2. **Nyanyian Pujian**
   (dipimpin oleh seorang warga, jemaat duduk)
3. **Pengakuan Dosa** (dipimpin oleh seorang majelis)

| | | |
|---|---|---|
| Majelis | : | (membaca Hukum Kasih, yaitu dari **Matius 22 : 37-40**) Dengan mengaca pada hukum kasih ini, nyata sekali dosa kita, yaitu kita tidak dapat melaksanakan hukum kasih ini dengan selengkapnya dan seutuhnya. Oleh sebab itu marilah kita menyesali dosa kita seraya memohon pertolongan Tuhan. |
| Pem+Jem | : | Dihadapan Allah dan didepan sesama / aku mengakui dosa-dosaku / sebab aku kurang mencintai Allah dengan segenap hati / dan segenap jiwa / dan segenap akal budi / dan kurang mencintai sesama seperti diri sendiri. Tuhan kiranya mengampuni dosaku / dan mengaruniakan kuasa Roh Kudus kepadaku / supaya aku dapat melakukan kehendak Tuhan. |

4. **Berita Anugerah**
5. **Petunjuk Hidup Baru**
6. **Pernyataan Kesanggupan**

| | | |
|---|---|---|
| Pemimpin | : | Marilah Firman Tuhan itu, kita tanggapi bersama-sama |
| Pem+Jem | : | Semua Firman Tuhan yang kudengarkan hari ini, akan kulakukan |

7. **Nyanyian Kesanggupan** (dipimpin oleh seorang warga, Jemaat berdiri)
8. **Doa Syukur dan Safaat** (Jemaat duduk)
9. **Persembahan**
   a. Ajakan (oleh salah seorang majelis)
   b. Pengumpulan persembahan diiringi nyanyian
   c. doa persembahan dan pelayanan Firman (oleh pemimpin, Jemaat berdiri)
10. **Pelayanan Firman** (Jemaat duduk)
   a. Pembacaan Alkitab, diakhiri dengan seruan: yang berbahagia ialah mereka yang mendengarkan Firman Tuhan dan yang memeliharanya. Haleluya.
   (Jemaat menyanyikan Haleluya, amin)
   4/4




   b. Kotbah
   c. Saat teduh
11. **Doa Akhir Ibadah dan Doa Bapa Kami**
12. **Nyanyian Pengutusan** (Jemaat Berdiri)
13. **Pengakuan Iman Rasuli.**
14. **Berkat**

Pemimpin : TUHAN memberkati saudara (kita) dan melindungi saudara (kita). TUHAN menyinari saudara (kita) dengan wajahNya dan memberi saudara (kita) kasih karunia. Tuhan menghadapkan wajahNya kepada saudara (kita) dan memberi saudara (kita) damai sejahtera.

Pem+Jem : Amin.

15. **Nyanyian Penutup**

# LITURGI LIMA*

PL : **Pemimpin Liturgi**
PF : **Pembawa Firman**
U : **Umat**

**1. Persiapan**

- *Saat teduh / Doa pribadi*
- *Pembacaan Warta Gereja*
- *Umat diajak berdiri*

**2. Panggilan Beribadah**

PL : Sungguh, alangkah baiknya dan indahnya,
U : Apabila saudara-saudara diam bersama dengan rukun!
PL : Seperti minyak yang baik di atas kepala meleleh ke janggut,
U : Yang meleleh ke janggut Harun dan ke leher jubahnya
PL : Seperti embun gunung Hermon yang turun ke atas gunung-gunung Sion.
U : Sebab ke sanalah Tuhan memerintahkan berkat, kehidupan untuk selama-lamanya.

**3. Nyanyian Pembuka**

**Votum**

PF : Pertolongan kita datangnya dalam nama Tuhan yang menjadikan langit dan bumi!
U : (menyanyikan) Amin, Amin, Amin!
:




**Salam**

PF : Tuhan beserta kita!
U : Kini dan selamanya!

4. **Kata Pembuka** (duduk)
5. **Pengakuan Dosa ( Membaca Hukum Kasih)**
6. **Nyanyian Pertobatan**
7. **Berita Anugerah dan Petunjuk HIdup Baru**
8. **Nyanyian Kesanggupan** *(Berdiri)*

9. **Pemberitaan Firman** *(duduk)*
   - *Doa untuk pelayanan Firman/ epiklese*
   - *Pembacaan Alkitab*
     *Yang berbahagia mereka yang menerima Firman Tuhan dan melakukan dalam hidupnya, Haleluya, Amin. (sahutan: Haleluya, Amin).*




   - *Khotbah*
   - *Saat hening*
10. **Pengakuan Iman Rasuli (***berdiri)*
11. **Doa Syafaat** *(duduk)*
12. **Persembahan**
   - Pembacaan ayat persembahan
   - **Nyanyian Persembahan**
   - *Doa Persembahan, akhir Ibadah dan Doa Bapa Kami*
13. **Pelayanan Perjamuan Kudus / Baptis**
14. **Nyanyian Pengutusan** *(Berdiri)*
15. **Pengutusan dan Berkat**

| | | |
|---|---|---|
| PF | : | Marilah mengarahkan hati kepada Tuhan |
| U | : | Kami mengarahkan hati kepada Tuhan. |
| PF | : | Jadilah saksi Kristus. |
| U | : | Syukur kepada Allah. |
| PF | : | Terpujilah Tuhan. |
| U | : | Kini dan selamanya. |
| PF | | TUHAN memberkati saudara (kita) dan melindungi saudara (kita). TUHAN menyinari saudara (kita) dengan wajahNya dan memberi saudara (kita) kasih karunia. Tuhan menghadapkan wajahNya kepada saudara (kita) dan memberi saudara (kita) damai sejahtera. |
| PF+U | : | Amin. |

16. **Nyanyian Penutup**

* *Yang dimaksud Liturgi Lima bukan liturgi minggu yang ke lima melainkan model Liturgi yang disepakati oleh Sidang Gereja-gereja Dunia (WCC), dimana Sinode GKJ menjadi anggotanya. Sidang ini diselenggarakan di kota Lima (Ibu kota Peru).*

**LITURGI IBADAH**
**SAKRAMEN PERJAMUAN I**

1. **Votum dan Salam** (Jemaat berdiri)

Pendeta : Marilah ibadah ini kita khususkan dengan pengakuan:

Pen+Jem : TUHAN yang menciptakan langit dan bumi adalah sumber pertolongan kita.

Pendeta : Kasih karunia dan damai sejahtera dari Allah, Bapa kita, dan Tuhan Yesus Kristus ada pada saudara sekalian. Amin

Pen+Jem : (menyanyikan amin, amin, amin)
do=f
4/4

5 . 6 . | 5 . 6 . | 5 . 4 .| 3 . . 0 ||
A min A min A min

2. **Nyanyian Pujian (jemaat duduk)**

Pendeta : (menyampaikan nats pembimbing)

Pen+Jem : (menyanyikan nyanyian pujian)

3. **Litani Pujian (Mazmur 145 :1-13)**

Pendeta : Aku hendak mengagungkan Engkau, ya Tuhanku, ya Raja, dan aku hendak memuji namaMu untuk seterusnya dan selamanya.

Jemaat : setiap hari aku hendak memuji Engkau/ dan hendak memuliakan namaMu / untuk seterusnya dan selamanya.

Pendeta : besarlah TUHAN dan sangat terpuji dan kebesaranNya tidak terduga.

Jemaat : angkatan demi angkatan akan memegahkan pekerjaan-pekerjaanMu / dan akan memberitakan keperkasaanMu.

Pendeta : semarak kemuliaanMu yang agung dan perbuatan-perbuatanMu yang agung dan perbuatan-perbuatanMu yang ajaib akan kunyanyikan.

Jemaat : Kekuatan perbuatan-perbuatanMu yang dahsyat akan diumumkan mereka / dan kebesaranMu hendak kuceriterakan.

Pendeta : Peringatan kepada besarnya kebajikanMu akan dimasyhurkan mereka, dan tentang keadilanMu mereka akan bersorak sorai.

Jemaat : TUHAN itu pengasih dan penyayang / panjang sabar dan besar kasih setiaNya.

Pendeta : Mereka akan mengumumkan kemuliaan KerajaanMu, dan akan membicarakan keperkasaanMu, untuk memberitahukan keperkasaanMu kepada anak-anak manusia, dan kemuliaan semarak kerajaanMu.

Jemaat : KerajaanMu ialah kerajaan segala abad/ dan pemerintahanMu tetap / melalui segala keturunan.

**4. Nyanyian Syukur**

**5. Doa Syafaat**

**6. Persembahan**

a. Ajakan
b. Pengumpulan persembahan diiringi nyanyian
c. Doa persembahan dan pelayanan Firman

**7. Pelayanan Firman**

a. Pembacaan Alkitab, diakhiri dengan seruan : yang berbahagia ialah mereka yang mendengarkan firman Tuhan dan yang memeliharanya. Haleluya.
(Jemaat menyanyikan Haleluya, Amin)
4/4




b. Kotbah
c. Saat teduh

**8. Pelayanan Sakramen Perjamuan**

a. Pembacaan Pratelaan Sakramen Perjamuan
b. Pelaksanaan Sakramen Perjamuan
c. Persembahan istimewa Sakramen Perjamuan

**9. Doa Akhir Ibadah dan Doa Bapa Kami**

**10. Nyanyian Pengutusan** (Jemaat berdiri)

**11. Pengakuan Iman Rasuli.**

**12. Berkat**

| | | |
|---|---|---|
| Pendeta | : | Kasih karunia dan damai sejahtera dari Tuhan Yesus Kristus, kasih Allah dan persekutuan Roh Kudus menyertai saudara sekalian. |
| Pem+Jem | : | Amin. |

**13. Nyanyian Penutup.**

# LITURGI IBADAH
# SAKRAMEN PERJAMUAN II

1. **Votum dan Salam** (Jemaat berdiri)

| | | |
|---|---|---|
| Pendeta | : | Marilah ibadah ini kita khususkan dengan pengakuan: |
| Pen+Jem | : | TUHAN yang menciptakan langit dan bumi adalah sumber pertolongan kita. |
| Pendeta | : | Kasih karunia dan damai sejahtera dari Allah, Bapa kita, dan Tuhan Yesus Kristus ada pada saudara sekalian. Amin |
| Pen+Jem | : | (menyanyikan amin, amin, amin)<br>do=f 4/4 |




2. **Nyanyian Pujian** (jemaat duduk)
3. **Persiapan sebelum ikut Sakramen perjamuan** (yaitu yang terdapat pada pertelaan. Dalam persiapan ke III dikumpulkan pula persembahan mingguan. Persembahan mingguan itu tidak didoakan)
4. **Doa sebelum pelayanan Sakramen Perjamuan** (yaitu yang terdapat pada pertelaan)
5. **Pelayanan Sakramen Perjamuan** (yaitu yang terdapat pada pertelaan)
6. **Syukur setelah pelayanan sakramen perjamuan (yaitu yang terdapat pada pertelaan)**
7. **Doa safaat :** (di dalamnya juga didoakan persembahan dan pelayanan Firman)
8. **Pelayanan Firman**
   **a.** Pembacaan firman, diakhiri dengan seruan : yang berbahagia ialah mereka yang mendengarkan firman Tuhan dan yang memeliharanya. Haleluya.
   (Jemaat menyanyikan Haleluya, amin)




9. **Doa Akhir Ibadah dan Doa Bapa Kami**
10. **Nyanyian Pengutusan** (Jemaat berdiri)

**11. Pengakuan Iman Rasuli.**

**12. Berkat**

Pendeta : Pulanglah ketempat saudara masing-masing, jadilah saksi Tuhan ditempat saudara masing-masing berada, untuk itu terimalah berkat Tuhan.

TUHAN memberkati saudara dan melindungi saudara, TUHAN menyinari saudara dengan wajahNya dan memberi saudara kasih karunia, TUHAN menghadapkan wajahNya kepada saudara dan memberi saudara damai sejahtera. Amin

Pen+Jem : Amin

**13. Nyanyian Penutup.**

## DONGA RAMA KAWULA

Dhuh, Rama kawula ingkang wonten ing swarga,
Asma Paduka mugi kasucekaken, Kraton Paduka mugi rawuh .
Karsa Paduka mugi kalampahan wonten ing bumi kadosdene wonten ing swarga.
Kawula mugi kaparingan rejeki kawula sacekapipun ing dinten punika.
Saha Paduka mugi ngapunten kalepatan kawula,kadosdene kawula inggih ngapunten ing tetiyang ingkang kalepatan dhateng kawula.
Punapa dene kawula mugi sampun ngantos katandukaken dhateng ing panggodha, nanging mugi sami Paduka uwalaken saking piawon.
Awitdene Paduka ingkang kagungan kraton saha wisesa
tuwin kamulyan salami-laminipun. Amin.

## SAHADAT KALIH WELAS

1. Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
2. Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
3. Ingkang kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
4. Ingkang nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
5. Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
6. Lajeng sumengka dhateng swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama Ingkang Mahakawasa.
7. Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
8. Kawula pitados dhateng Roh Suci.
9. Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
10. Punapadene pangapuntening dosa;
11. Tanginipun raga;
12. Sarta gesang langgeng.

## TATA PANGIBADAH MINGGU I

1. **Votum lan Salam (Pasamuan jumeneng)**

| | | |
|---|---|---|
| Pemimpin | : | Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi punika tuking pitulugan kita<br>Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus, wonten ing (kula) para sedherek sadaya. Amin |
| Pen+Jem | : | (ngidungaken amin, amin, amin)<br>do=f 4/4 |




2. **Kidung pamuji (Pasamuwan lenggah)**
3. **Pangakening Dosa**
   a. Pamaosing angger-anggering katresnan **(Matius 22 : 37-40)**
   b. **Kidung Panelangsa**
4. **Pawartos Sih Rahmat**
5. **Pitedah Gesang Enggal**
6. **Kidung Kesanggeman (jumeneng)**
7. **Pandonga Sokur lan Safaat**
8. **Pisungsung**
   a. Pangatak
   b. Ngempalaken pisungsung kasarengan ngidung
   c. Pandonga pisungsung lan peladosaning Pangandika
9. **Peladosaning Pangandika**
   a. Pamaosing kitab Suci, kapungkasan srana pratela : ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Allah lan dipun gatosaken. Haleluya.
   (Pasamuwan ngidungaken : Haleluya, amin.)




   b. Kotbah
   c. Wegdal Ening

10. **Pandonga Pungkasaning Pangibadah saha Pandonga Rama Kawula**
11. **Kidung Pangutusan.** (Pasamuwan jemeneng)
12. **Sahadat Kalih Welas.**
13. **Berkah**

    Pemimpin : Sih rahmatipun Gusti Yesus saha sihipun Gusti Allah tuwin patunggilanipun Sang Roh Suci wonten ing para sedherek (kula) sedaya. Amin

14. **Kidung Panutup.**

# TATA PANGIBADAH MINGGU II

**1. Votum lan Salam (Pasamuan jumeneng)**

Pemimpin : Sumangga pangibadah punika sami kita sengker kanthi pangaken:

Pen+Pas : Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, punika tuking pitulungan kita

Pemimpin : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus wonten ing para sedherek (kula) sedaya.

Pem + Pas : (ngidungaken amin, amin, amin)
do=f 4/4




**2. Pepujen Sesautan (Pasamuwan lenggah)**

Pemimpin : Pangeran Yehuwah iku Gusti Allah, Panjenengane kang nitahake kita lan kita dadi kagungane, umate lan pepanthan wedhus ngen-ngenane.

Pasamuwan : Ayo padha tumungkul sujud/ padha jengkeng ana ing ngarsaning Pangeran Yehuwah/ kang nitahake kita.

Pemimpin : Ayo padha lumebu ing Padalemane klawan memuji Asmane, lan kidung pangalembana. Padha ngaturna pamuji sokur lan ngluhurna Asmane.

Pasamuwan : Amarga Pangeran Yehuwah iku becik/sih kasetyane lestari turun tumurun. Haleluya

**3. Kidung Pamuji**

**4. Pangakening Dosa**

Pemimpin : (maos angger-anggering katresnan)
Sumangga kita sami nelangsani dosa kita.
Dhuh Allah, kawula mugi Paduka welasi awit saking sih kadarman Paduka.

Pasamuwan : Mugi karsaa nglebur dosa kawula / awit saking agunging sih kadarman Paduka.

Pemimpin : Mugi kawula Paduka resiki babar pisan saking sakathahing dosa kawula, sarta dosa kawula mugi Paduka ruwat.

Pasamuwan : Amargi kawula ngrumaosi panerak kawula / saha dosa kawula tansah wonten ing ngajeng kawula.

| | | |
|---|---|---|
| Pemimpin | : | Kawula damel dosa dhumateng Paduka, inggih namung dhumateng Paduka piyambak anggen kawula sampun damel dosa punika, sarta nglampahi ingkang Paduka galih awon, supados tetelaa bilih pancasan Paduka punika adil, saha patrap anggen Paduka ngadili punika resik. |
| Pasamuwan | : | Pancen saestu / anggen kawula kalairaken punika nandhang duraka / sarta biyung kawula / ngandhut kawula ing salebeting dosa. |
| Pemimpin | : | Pancen saestu Paduka punika karenan dhateng kaleresan ing salebeting batos, kanthi kendel-kendelan Paduka paring sumerep bab kawicaksanan dhumateng kawula. |
| Pasamuwan | : | Dosa kawula mugi Paduka icali kalayan hisop / temah dados resik / kawula Paduka edusi temah dados pethak / nglangkungi salju. |
| Pemimpin | : | Kawula pinarengna mireng kabingahan lan sukarena, saha balung kawula ingkang sampun Paduka remuk, sageda surak-surak malih. |
| Pasamuwan | : | Paduka mugi karsa ngaling-alingi wedana Paduka / sampun ngantos mirsani dosa kawula / saha klepatan kawula mugi Paduka lebur sadaya. |
| Pemimpin | : | Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa damel resiking manah kawula, sarta batos kawula mugi Paduka enggalaken klayan roh ingkang santosa. |
| Pasamuwan | : | Kawula mugi sampun ngantos Paduka bucal saking ngarsa Paduka / saha roh Paduka ingkang suci sampun ngantos kapundhut saking kawula. |
| Pemimpin | : | Paduka mugi karsaa nggigah kabingahan kawula malih margi saking karahayon ingkang saking Paduka, saha kawula mugi Paduka jangkepi klayan roh ingkang eklas |
| Pem + Pas | : | Temahan kawula badhe mulangaken margi Paduka/ dhateng para tiyang ingkang lampah nasar / supados tiyang dosa sami mratobata dhumateng Paduka. |

5. **Pawartos Sih Rahmat**
6. **Pitedah Gesang Enggal**
7. **Kidung Kesanggeman (**Pasamuwan jumeneng)

8. **Pandonga sokur lan safaat saha Peladosaning Pangandika** (Pasamuwan lenggah)
9. **Peladosaning Pangandika:**
    1) Pamaosing Kitab Suci. Kapungkasan srana pratela : ingkang rahayu inggih punika ingkang sami mirengaken pangandikanipun Allah lan dipun gatosaken. Haleluya.
    (Pasamuwan ngidungaken Haleluya, amin) 4/4




    2) Kotbah
    3) Wegdal ening
10. **Sahadat Kalih Welas (**Pasamuwan jumeneng)
11. **Pisungsung (**Pasamuwan lenggah)
    a. Pangatak
    b. Ngempalaken pisungsung kasarengan ngidung
    c. Pandonga pisungsung saha Pandonga Rama Kawula (dening pemimpin)
12. **Kidung Pangutusan (**Pasamuwan jumeneng)
13. **Berkah**

| | | |
|---|---|---|
| Pemimpin | : | Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kula sedaya) lan ngayomi panjenegan (kula sedaya). Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi sih rahmat. Pangeran Yehuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi tentrem rahayu. Amin |
| Pem+Pas | : | Amin |

14. **Kidung Panutup.**

## TATA PANGIBADAH MINGGU III

1. **Votum lan Salam (Pasamuan jumeneng)**

| | | |
|---|---|---|
| Pemimpin | : | Sumangga pangibadah punika sami kita sengker kanthi pangaken: |
| Pen+Pas | : | Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, punika tuking pitulungan kita |
| Pemimpin | : | Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus, wonten ing para sedherek (kula) sedaya. |
| Pem + Pas | : | (ngidungaken amin, amin, amin)do=f 4/4 |




2. **Kidung Pamuji**
   **(**kapimpin dening setunggaling warga, Pasamuwan lenggah)
3. **Pangakening Dosa (**kapimpin dening setunggaling pradata)

| | | |
|---|---|---|
| Pradata | : | (maos angger-anggering katresnan inggih punika saking **Mateus 22:37-40**)<br>Srana migatosaken angger-anggering katresnan punika, cetha sanget dosa kita, inggih punika anggen kita boten saged nindakaken angger-angger punika ing sajangkepipun lan ing sawetahipun. Mila sumangga kita sami nelangsani dosa kita lan sami nyuwun sih pitulunganipun Gusti. |
| Pem+Pas | : | Wonten ing ngarsanipun Gusti Allah / lan ing sangajenging sesami / kula ngakeni dosa-dosa kula/ awit kula kirang nresnani Gusti Allah kalawan gumolonging manah / lan gumolonging nyawa/ sarta gumolonging budi/ tuwin kirang nresnani sesami/ kados anggen kula nresnani badan kula piyambak. Punika dosa kula/ dosa kula piyambak. Gusti mugi ngapunten dosa kawula / lan maringi panguwaosing Sang Roh Suci / dhateng kawula / supados kawula saged nindakaken karsanipun Gusti. |

4. **Pawartos Sih Rahmat**
5. **Pitedah Gesang Enggal**

6. **Pratelaning Kesanggeman**

Pemimpin : Sumangga Pangandikanipun Gusti punika sami kita tanggapi sesarengan

Pem+Pas : Sedaya Pangandikanipun Gusti ingkang kawula tampeni ing dinten punika, badhe kawula lampahi.

7. **Kidung Kasanggeman (**kapimpin dening satunggaling warga, Pasamuwan jumeneng)
8. **Pandonga Safaat (**Pasamuwan lenggah)
9. **Pisungsung**
   a. Pangatak (dening satunggaling pradata)
   b. Ngempalaken pisungsung kasarengan ngidung
   c. Pandonga pisungsung lan peladosaning Pangandika (dening pemimpin, Pasamuwan jumeneng)
10. **Peladosaning Pangandika (Pasamuwan lenggah)**
    a. Pamaosing Pangandika, dipun pungkasi kanthi pratela: ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang sami mirengaken Pangandikanipun Allah lan dipun gatosaken. Haleluya. (Pasamuwan ngidungaken Haleluya, amin) 4/4




    b. Khotbah
    c. Wegdal ening
11. **Pandonga Pungkasaning Pangibadah lan Donga Rama Kawula**
12. **Kidung Pangutusan.**
13. **Sahadat Kalih Welas (**Pasamuwan jumeneng)
14. **Berkah**

Pemimpin : Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kula sedaya) lan ngayomi panjenengan (kula sedaya). Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi sih rahmat. Pangeran Yehuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi tentrem rahayu.

Pen+Pas : Amin.

15. **Kidung Panutup.**

# LITURGI LIMA

PL : **Pemimpin Liturgi**
PS : **Pelados Sabda**
U : **Umat**

1. **Pacawisan**
   - *Wekdal ening / pandonga pribadi.*
   - *Pamaosing Pawartos Pasamuwan.*
   - *Umat kaajak jumeneng.*
2. **Timbalan Pangibadah**

PL : Saiba prayoga lan éndahé,
U : Manawa para sadulur kang manggon saomah padha rukun!
PL : Iku kaya lenga jebad adi ana ing sirah kang ndlèwèr marang jénggot,
U : Kang ndlèwèr marang jénggoté imam Harun lan marang guloning jubahé.
PL : Kayadéné ebuné gunung Hèrmon kang mudhun ing gunung-gunungé Sion.
PL+U : Awit iya ana ing kono Pangéran Yéhuwah anggoné ndhawuhaké berkah lan urip nganti ing salawasé.

3. **Kidung Pambuka**
   **Votum**

PS : Pitulungan kita pinangkanipun ing salebeding asmanipun Gusti ingkang nitahaken langit kaliyan bumi!
U : Amin, Amin, Amin!
:




**Salam**

PS : Gusti nunggil ing gesang kita!
U : Samangké dumugi ing salami-laminipun!

4. **Atur Pambuka** *( lenggah)*
5. **Kidung Pamuji**
6. **Pangakening Dosa**
   **(Maos Angger-Angger Katresnan )**
7. **Kidung Panelangsa**
8. **Pawartos Sih Rahmat lan Pitedah Gesang Enggal**

9. **Kidung Kesanggeman** *(jumeneng)*
10. **Paladosan Sabda** *(lenggah)*
    - *Pandonga Pacawisan / epiklese*
    - *Pamaosing Kitab Suci*
      “Ingkang rahayu menika tiyang-tiyang ingkang sami mirengaken tuwin nggatosaken pangandikanipun Allah.”
      *(Haleluya, Amin).*




    - *Khotbah*
    - *Saat hening*
11. **Pangaken Pitados Rasuli (***(jumeneng)*
12. **Pandonga Syafaat** *(lenggah)*
13. **Pisungsung**
    - Pamaosing ayat pangatag
    - **Kidung Pisungsung**
    - *Pandonga Pisungsung saha Pandonga Rama Kawula (jumeneng)*
14. **Paladosan Sakramen Bujana / Baptis**
15. **Kidung Pangutusan** *(jumeneng)*
16. **Pengutusan lan Berkah**

| | | |
|---|---|---|
| PS | : | Sumangga ngeneraken manah dhumateng Gusti. |
| U | : | Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng Gusti |
| PS | : | Dadosa seksinipun Sang Kristus. |
| U | : | Puji sokur konjuk Gusti Allah. |
| PS | : | Pinujia Gusti kita. |
| U | : | Samangké dumugi salami-laminipun. |
| PS | : | Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan (kula sedaya) lan ngayomi panjenengan (kula sedaya). Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi sih rahmat. Pangeran Yehuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan (kula sedaya) lan maringi tentrem rahayu. |
| U | : | Amin. |

17. **Kidung Panutup.**

## TATA PANGIBADAH
## SAKRAMEN BUJANA I

**1. Votum lan Salam (Pasamuan jumeneng)**

Pemimpin : Sumangga pangibadah punika sami kita sengker kanthi pangaken:

Pen+Pas : Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, punika tuking pitulungan kita

Pemimpin : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus, wonten ing para sedherek (kula) sedaya.

Pem + Pas : (ngidungaken amin, amin, amin)
do=f 4/4

5 . 6 . | 5 . 6 . | 5 . 4 . | 3 . . 0 ||
A min A min A min

**2. Kidung Pamuji (** Pasamuwan Lenggah)

Pandhita : (Maos ayat panuntuning pangabekti)

Pan+Pas : (ngidungaken kidung pamuji)

**3. Pepujen saut-sautan (**Mazmur 145 : 1-13)

Pandhita : Dhuh Allah kawula, dhuh Ratu kawula, Paduka badhe kawula luhuraken, saha kawula badhe tansah memuji asma Paduka ing salaminipun.

Pasamuwan : Saben dinten kawula badhe memuji dhateng Paduka/ saha asma Paduka badhe tansah kawula luhuraken ing salaminipun.

Pandhita : Pangeran Yehuwah punika agung sarta sanget pinuji-puji; kaluhuranipun punika boten jinajagan.

Pasamuwan : Saben turun badhe ngalembana pakaryan Paduka/ saha sami badhe nyariyosaken kasantosan Paduka.

Pandhita : Cahyaning kamulyan Paduka ingkang agung, tuwin pakaryan Paduka ingkang elok badhe kawula kidungaken

Pasamuwan : Tiyang kathah sami badhe nggiyar-nggiyaraken kakiyataning pakaryan Paduka ingkang nggegirisi/ sarta kaluhuran Paduka badhe kawula cariyosaken.

Pandhita : Pengetan tumrep kasaenan Paduka ingkang ageng

badhe kaundhangaken dening tiyang-tiyang wau, tuwin badhe sami surak surak margi saking keadilan Paduka.

Pasamuwan : Pangeran Yehuwah punika ambek asih sarta welasan, sabar sanget/ saha ageng sanget sih kadarmanipun.

Pandhita : Kasaenanipun Sang Yehuwah punika nyrambahi tiyang sadaya saha sih rahmatipun ngluberi sadaya ingkang katitahaken dening Panjenenganipun.

Pasamuwan : Dhuh Yehuwah / sadaya ingkang Paduka titahaken punika sami badhe ngunjukaken panuwun dhumateng Paduka / sarta para kekasih Paduka badhe sami memuji dhumateng Paduka.

Pandhita : Sami badhe nyuwuraken kamulyaning Karajan Paduka, sarta badhe ngrembag kasantosan Paduka, supados para anaking manungsa sami mireng pawartos bab kasantosan Paduka, kaliyan kamulyaning sumorotipun Karajan Paduka.

Pasamuwan : Karajan Paduka punika Karajan ingkang langgeng/ tuwin paprentahan Paduka punika tetep sumrambah dhateng sedaya anak putu.

**4. Kidung Pamuji Sokur**

**5. Pandonga Safaat**

**6. Pisungsung**

a. Pangatak
b. Ngempalaken pisungsung kasarengan ngidung
c. Pandonga pisungsung lan peladosaning Pangandika

**7. Peladosaning Pangandika**

a. Pamaosing Kitab Suci, kapungkasan kanthi pratela :
Ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Allah lan dipun gatosaken. Haleluya.
(Pasamuwan ngidungaken Haleluya, amin)
4/4




b. Kotbah

c. Wegdal ening

**8. Peladosan Sakramen Bujana**

a. Pamaosing Pratelan Sakramen Bujana
b. Tumindaking Sakramen Bujana
c. Pisungsung mirunggan Sakramen Bujana

**9. Pandonga Pungkasaning Pangabekti saha Pandonga Rama Kawula**

**10. Kidung Pangutusan(** jumeneng)

**11. Sahadat Kalih Welas**

**12. Berkah**

| | | |
|---|---|---|
| Pandhita | : | Sih rahmatipun Gusti Yesus Kristus lan sihipun Allah Sang Rama tuwin patunggilanipun Sang Roh Suci, tumrah ing para sedherek sedaya. |
| Pen/ Pas | : | Amin |

**13. Kidung Panutup.**

## TATA PANGIBADAH
## SAKRAMEN BUJANA II

**1. Votum lan Salam (Pasamuan jumeneng)**

| | | |
|---|---|---|
| Pemimpin | : | Sumangga pangibadah punika sami kita sengker kanthi pangaken: |
| Pem+Pas | : | Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, punika tuking pitulungan kita |
| Pemimpin | : | Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus, wonten ing para sedherek (kula) sedaya. |
| Pem + Pas | : | (ngidungaken amin, amin, amin)<br>do=f 4/4 |




**2. Kidung Pamuji (**Pasamuwan lenggah)

**3. Pendadaran sakderengipun ndherek ing Sakramen Bujana**
(Miturut pratelan ingkang sampun katetepaken. Ing pendadaran ingkang kaping 3 ugi ngaturaken pisungsung minggon. Pisungsung minggon punika boten kadongakakaken)

**4. Pandonga saderengipun peladosan Sakramen Bujana**
( Miturut pratelan ingkang sampun katetepaken)

**5. Peladosaning sakramen Bujana**
( Miturut pratelan ingkang sampun katetepaken)

**6. Pamuji sokur sasampuning peladosan Sakramen Bujana.**
( Miturut pratelan ingkang sampun katetepaken)

**7. Pandonga Pamuji Sokur lan Safaat**
(ing salebeting pandonga safaat punika, kadongakakaken ugi pisungsung lan peladosaning Pangandika).

**8. Peladosaning Pangandika**

a. Pamaosing pangandika, kapungkasan srana pratela: ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti Allah lan dipun gatosaken. Haleluya. (Pasamuwan ngidungaken. Haleluya. Amin)




**9. Pandonga pungkasaning pangabekti (**katutup srana Donga Rama Kawula)

**10. Kidung Pangutusan (**Pasamuwan jumeneng)

**11. Sahadat Kalih Welas**

**12. Berkah**

Pandhita : Wangsula ing papan dunung panjenengan piyambak, lan dadosa seksinipun Gusti Yesus ing papan dunung panjenengan piyambak. Mila sami nampenana berkahipun Gusti:

Pangeran Yehuwah maringi berkah dhateng panjenengan, lan ngayomi panjenengan. Pangeran Yehuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan, lan maringi sih rahmat. Pangeran Yehuwah karsa nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin

Pen+Pas : Amin

**13. Kidung Panutup.**